



K E E P R I S I N G .

Fon Envestisman [Comcast RISE](#) a bay sibvansyon lajan pou ede ti biznis ke moun nwa (POC) oswa fanm genyen k'ap grandi pandan ke y'ap fè fas a defi pandemi an.

Fon Envestisman an se yon ekstansyon [Comcast RISE](#) (Reprezantasyon, Envestimas, Fòs ak Otonomi), inisyativ sou plizyè lane epi ak plizyè fasèt ki lanse an 2020 pou bay ti biznis moun nwa (POC) ak fanm genyen opòtinite pou yo aplike pou sèvis teknoloji ak maketin ke Comcast Business ak Effectv bay, ki se yon sèvis divizyon lavant piblisité Comcast Cable. Comcast RISE asosye li tou a [Ureeka](#) pou sa founi benefisyè sibvansyon yo yon entrènman komèsyal pou devlope konpetans ki santre sou fondasyon antrepriz, kwasans kliyan, epi estabilite finansye. Sant Kwasans Ureeka a ofri yon vizyon entegral de indikatè kwasans kle yo pou sit Entènèt yon antreprenè.

Comcast RISE fè pati nan yon pi gwo inisyativ 100 milyon dola sou Divèsite, Tretman Egal Ego ak Enklizyon ke Comcast te lanse mwa [Jen 2020](#). Comcast NBCUniversal te anonse devlopman yon plan konplè sou plizyè lane mete disponib 75 milyon dola lajan kach ak 25 milyon dola nan medya yo pandan twa pwochen ane yo pou konbat enjistis ak inegalite kont nenpòt ras, etnisite, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl oswa kapasite.

DETAY SUBVANSYON

500 sibvansyon total 5 milyon dola yo pral distribye nan fason sa a:

- 100 ti biznis nan chak vil
- Chak biznis ap resevwa yon sibvansyon monetè de 10,000 dola
- Peryòd aplikasyon an se 3-16 oktòb 2022
- Sibvansyon yo ap anonse nan fen Novanm 2022 epi y'ap bay yo nan mwa Desanm 2022
- Aplikasyon yo ap disponib sou Entènèt nan www.comcastrise.com

KALIFIKASYON POU SUBVANSYON

Biznis yo dwe:

- Etabli operasyon biznis la pou 3 lane oswa plis
- Gen youn a 25 anplwaye
- Sitiye nan pwen jewografik sa yo pou sa kalifye:
 - Chikago, IL (Konte Cook);
 - Miami, FL (Konte Miami-Dade ak Broward);
 - Oakland, CA (Vil Oakland);
 - Seattle, WA (Konte King ak Pierce);
 - Washington, D.C. (Katye 1-8)
- Pou lis konplè sou detay kalifikasyon yo, vizite www.comcastrise.com

**SI YON BIZNIS PA KALIFYE POU FON ENVESTISMAN COMCAST RISE LA, GEN APLIKASYON LOUVRI
POU SÈVIS MAKETIN AK TEKNOLOJI.**

Kounye li se
Tan pou Leve
Aplike jodi a.
ComcastRISE.com

